*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№41 (26014)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 12 мартъи — тæргæйтты мæйы 12 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АППАРАТОН ÆМБЫРД
*Ивгъуыд къуырийы бæрæггæнæнтæ*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

**Пресс-конференци**

# Æргом ныхас

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО дзуаппытæ радта "ТАСС"-ы уацхæсджыты фæрстытæн. Йæ ныхасмæ гæсгæ, республикæ уæндонæй цæуы рæзты фæндагыл. Газеткæсджыты размæ хæссæм Сергей Меняйлойы дзуаппытæ ахсджиагдæр фарстатæн.**

Куыд бафиппайдта, афтæмæй культурæ æмæ ахуырады рæстæн ис æмхуызон ахадындзинад, нæ традицитæ æмæ хæзнатæн стыр у сæ хъомыс. Иннæ аз Цæгат Ирыстоны аразын райдайдзысты культурæйы ног объект, Уæрæсейы Хуссары ахæм нæма ис. Дзæуджыхъæуы ГИТИС æмæ Щукины номыл ахуыргæнæндæттæ студентты æвзардзысты ахуырмæ. Уый фæдыл республикæ фæрæзтæ радих кодта. Нæ сæйраг сахары культурæйы иу хай суыдзæн кинотеатр «Фæскомцæдисон».

Республикæйы скъолатæ æвзарынц быдурон цалцæджы куыстытæ, уымæй Уæрæсейы стæм 5-æм бынаты. Нырмæ уал 178 скъолайæ 117-æн сæ куырдиаттæ нымад æрцыдысты. Не скъолатæм æнхъæлмæ кæсынц цалцæджы æмæ рацарæзты куыстытæ. Зæрæдтæ цалцæг кæнæм, фæлæ ног скъолатæ дæр аразæм. Цыдæриддæр дзы ифтонггарз ис, уый ивæм ногтæй, хуыздæртæй, нырыккондæртæй. Ис нæм хъомысджын физикон-математикон скъола, тагъд ахуырадон хъуыддагмæ фæдзурдзыстæм институтты æмæ университетты ахуыргæнджытæм.

Хæххон-металлургон институты рауагъдоны ахадындзинад фæбæрзонддæр кæнынил кусæм, архайæм, цæмæй сын куысты бынæттæ фæзына, ууыл. Стадион «Спартак»-ы арæзтады нæ бон бетонщиктæ ссарын нæ бацис. Уыдонмæ хауд зул фæзуæттæ бетонæй æхгæнын. Кусæг дæсныйæдтæ республикæйы нæ фаг кæны, йæ рæстæджы профессионалон ахуырадæн стыр зиан æрхастæуыд. Нæ фаг кæнынц ахуыргæнджытæ, дохтыртæ, инженертæ, æндæр дæсныйæдты кусджытæ.




Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты æмæ сæ бинонты раз хæсджын не стæм, фиддонтæ лæвæрд цæуынц афойнадыл. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг уæлæнгай цæфы тыххæй райсы 300 мин сомы, уæззау цæфы тыххæй – 500 мин сомы, чи фæмард вæййы, уыдоны бинонтæ та райсынц 1 милуан сомы.

Медицинон кусæндæтты реабилитаци райсынц Беслæны террористон акты хъыгдард байиафæг 500 адæймаджы. Террористон фыдбæллæхы чи фæмард, уыдоны ингæнтæм зилæм, сæ къæйтæ сын ивæм.

Иннæ аз сæхгæндзыстæм сайды фæуæг адæмы фарста дæр. Нæ зæрды ис Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты бындурыл студентон кампус саразын. Вахтангowы номыл мæскуыйаг театримæ бафыстам æмгуыстады бадзырд фондз азмæ, фестиваль «Вахтангов. Фыдыуæзæгмæ фæндагыл» уыдзæн æрвылазон.

Сергей Меняйло бæлвырд дзуаппытæ радта "ТАСС"-ы уацхæсджыты æппæт фæрстытæн.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Фембæлд**

# Доны иумæйаг хæдзарад

**Уацхæсджытимæ фембæлд Донуадзыны æмæ донæфсисады республикон куыстуаты сæргълæууæг ХЪАРАТЫ Тимур. Фембæлды нысан уыдис ивгъуыд 2023 азы бæрæггæнæнтæ æмæ хæстæгдæр фидæны нысантыл æрдзурын.**

Иу азæй иннæ азмæ хæсты бын чи уыд, цалдæр хатты къуыввиттыл кæй банымадтой, уыцы куыстуат ныр йæхи хъарутæй æнтыстджын къахдзæфтæ кæны.

– Ивгъуыд аз нæхи хардзæй баивтам 58 километрæй фылдæр доны хæтæлтæ, 2024 азы та 200 километры баивдзыстæм, – фехъусын кодта йæ разныхасы Хъараты Тимур.



Зындгонд куыд у, афтæмæй Цæгат Кавказы æртæ регионимæ Ирыстон дæр архайы «Энергетикæйы æмæ цæрæн-коммуналон хæдзарады куыстуæтты экономикон райрæзт»-ы паддзахадон программæйы. Йæ бындурыл арæзт æрцыд иумæйаг оператор, ивддзинæдтæ бахастой закъонмæ, сфидар кодтой доны тариф, доны куыст чи кæны, уыцы куыстуæтты хъару, сæ исбонад баиу кæнынил архайынц.

Республикæйы Сæргълæууæг иудадзыг йæ цæст дары донуадзын æмæ донæфсисады фарстатæм.

Уацхæсджыты фæрстытæн дзуæппытæ дæтгæйæ, Хъарайы-фырт загъта, ныртæккæ куыстуаты кæй ис хъæугæ техникæ æмæ нырыккон кусæнгæрзтæ. Æппæт донцъирæнтæ дæр бæрæггонд æрцыдысты, цы аиппдзинæдтæ дзы уыд, уыдон аиуварс кодтой, сæ æдасдзинад зæрдæхсайгæ нал у.

Зæгъæм, æппæты стырдæр Реданты донцъирæны цур амал кодтой хуыр, афтæмæй хæлд цыд, доны æвæрæнтæ кæм сты, зæххы уыцы уæлцъар. Хифæндонæй айстой видеокамерæтæ æмæ электрон тых нымайæн приборæ, æндæр коммерцион объектмæ сусæгæй дон бауагъой.

Бахъуаджы рæстæг дон хлорæй чи сыгъдæг кæны, уыцы системæ байдзаг æмæ нал куыста. Дæс азы дзæгъæл лæуд кодта уæлæмхасæн донцъирæн, ныр æй сарæзтой.

Милуан сомтæй банымайæн ис, æнæхыгъдæй цы дон калд, уый нымæц. Абонентты 80% нæ фыстой нуазыны донæн, системæ зауæтмæ æрцыд.

«Водоканал»-ы разамынд сæвзæргæ уавæрты фыццаг бонæй фæстæмæ куыста техникон æмæ экономикон хæрдзтæ фæкъаддæр кæныныл.

Сæ куыстæй хатдзæгтæ кæнгæйæ, Хъарайы-фырт фæнысан кодта, доны æнæхъæугæ хæрдзтæ дыууæ хатты кæй фæкъаддæр сты, 400 раны арæзтадон куыстытæ бакодтой, 60 донцъирæнæй 21 ахуыссын кодтой, афтæмæй электрон тых алы мæй дæр хардз кæнынц фондз милуан сомы аргъ къаддæр. Амалхъомады стыр æмæ чысыл куыстуæттæ дæр фидын райдыдтой доны хæрдзтæн, карз нозт æмæ бæгæныйы заводты ныр æвæрд ис хыгъды приборæ.

– Нæ куыст кæнæм афтæ, цæмæй цæрджытæ зындзинæдтæ ма æвзарой, бригадæтæ рацæуынц æхсæвыгон дæр, – загъта доны хæдзарады директор.

Æхсызгонæй фехъусын кодта, Дзæуджыхъæумæ дон цы зæронд хæтæлтæй цыдис, уыдон кæрæй-кæронмæ ивд кæй æрцыдысты, 100 азы æнæкъуылымпыйæ чи балæггад кæндзæн, ахæм нырыккон æмæ æдас хæтæлтæй.

Пресс-конференцийы ма ныхас кодтой æндæр фæрстытыл дæр.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Акци**

# Рæстдзинады – нæ тых æмæ нæ хъару

**УФ-йы Хъахъхъæнынады министрады хъæппæрисæй 23 февралы – Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны райдыдта æппæтуæрæсеон акци «Сила в правде».**

Министрады тематикон поезд Мæскуыйæ рабалц кодта æмæ æрзилдзæн нæ бæстæйы 67 регионыл. Акцийы кæронбæттæн мадзал та ацæудзæн Мæскуыйы Уæлахизы боны агъоммæ.

Ивгъуыд хуыцаубоны поезд схæццæ Дзæуджыхъæумæ. Экипажыл вагзалы зæрдиагæй сæмбæлдысты нæ республикæйы Хицауады уæнгтæ, æхсæнады минæвæрттæ, кадетты скъолайы, суворовон училищейы хъомылгæнинæгтæ æмæ «юнармеец»-тæ кæй хонынц, уыцы фæсивæд.



Мадзалы архайджытæн арфæтæ ракодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег:**

– Нæ бæстæйы рæзгæ фæлтæры патриотон хъомылад кæддæриддæр вазыгджын фарста уыд. Фыдыбæстæмæ уарзондзинады цæхæр æвзонг зæрдæты ссудзын кæнын æмæ бахъуаджы сахат йæ сæрвæлтау хъахъхъæнджыты рæнхъыты æрлæууынмæ цæттæ уæвын сты æцæг патриоты миниуджытæ. Акцийы сæйраг нысан у нæ бæстæйы бирæнацион адæмы хæстон истори бахъахъхъæнын, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фашизмы ныхмæ æмæ нацизмы уидаг сыскъуынынæн цы æнæмæлгæ сгуыхтдзинæдтæ равдыстой, сæрибардзинад тугæй кæй балхæдтой, уыцы истори ирдæй равдисын. Ныгуылæйнаг бæстæтæ архайынц Фыдыбæстæйы Стыр хæсты сыфтæ зыгъуыммæ рафæлдахыныл, фæлæ сын сæ фæнд сæххæст кæнын нæ бауадздзысты, абон Украинæйы чи хæцы, уыцы хæстхъом фæсивæд. Нæ тых æмæ нæ хъару иудзинады, рæстдзинады сты, æмæ Уæлахиз дæр уыдзæн мах, – бакаст Томайы-фырт нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** фыстæг.

Кадджын митинджы раныхас кодта эшелоны хицау, контр-адмирал **Александр Гринкевич** дæр.

– Алы ран дæр ныл цин æмæ кадимæ сæмбæлынц. Нæ тематикон экспозицитæ та нын абоны онг федтой 12 мин адæймагæй фылдæр. Æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæ цымыдисæй фæкæсынц нæ равдыстытæм. Эшелоны фенæн ис Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хæцæнгарз, æппæт майдантæ æмæ ордентæ. Фæлæ сæйрагдæр мадзал сты нæ бæстæйы Гæрзифтонг тыхты нырыккон хотыхтæ, ныгуылæйнаг бæстæтæ Украинæмæ цы хæцæнгарз æрвитынц, уыдоны хуызæгтæ. Уæдæ æвзонг æфсæддонтæн «юнармеец»-тæн та эшелоны сарæзтам ерыс, хæцæнгарз райхалын æмæ сæмбырд кæнынæй. Мах рæзгæ фæлтæримæ фылдæр кусдзыстæм, нæ Фыдыбæстæйы хъысмæт кæстæрты къухты ис æмæ нæ размæ цæуын хъæуы ныфсджынæй, нæ бæстæ тыхджындæр æмæ амонддджындæр кæныны нысантæм, – дзырдта Александр Гринкевич.



Акцийы архайджытæн арфæтæ ракодта нæ республикæйы Ветеранты советы сæрдар **Фриаты Хъазыбег** дæр æмæ загъта, ахæм акциты фæрцы нæ къухты кæй бафтдзæн рæзгæ фæлтæры зондахастмæ æппæты хуыздæр миниуджытæ бахæссын. Акцийы рæстæг УФ-йы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты центрон музей Дзæуджыхъæуæн балæвар кодта 1159 æхсæг полчъы хæстон тыраса. Ацы полкъ сæвзæрд 1942 азы августы Кавказыл карз хæстыты рæстæг. Æфсæнвæндаджы вагзалы фæзы Дзæуджыхъæуы 40-æм æмæ 22-æм астæуккаг скъолаты ахуырдзауты кадджын уавæры райстой «юнармеец»-ты рæнхъытæм. Уымæй уæлдай, фæзы куыста «быдырон цæлгæнæн» æмæ алкæмæн дæр фадат уыд салдаты касæй саходын.

Акцийы архайджытæ бакастысты сæрмагонд æфсæддон операци æмæ Афгайнаг хæсты хъæбатырты хуызистыты равдыстмæ дæр.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Æхсæнад**

# Президенты æвзæрстыты кадæн – велосипедтыл дугъ

**Уæрæсейы Президенты æвзæрстыты бонтæ куыд æввахсдæр кæнынц, афтæ фылдæр алыхуызон акцитæ арæзт цæуынц уыцы ахсджиаг æхсæнадон-политикон цауы кадæн. Афтæ, ивгъуыд къуырийы кæрон РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы хъæппæрисæй Дзæуджыхъæуы арæзт æрцыдысты велосипедтыл дугъытæ.**

Кæд сабатбон хъуынтъыз æмæ асæст уыд, уæддæр велосипедтыл дугъы архайынмæ Дзæуджыхъæуы Намысы мемориалы æнусон арты размæ æрбамбырд бирæ адæм. Алыхуызон организацитæ æмæ кусæндæтты минæвæрттæ зæрдиагæй архайдтой ацы дзыллон мадзалы.



Акцийы размæ йæ архайджытæн специалисттæ радтой сæрмагонд амынддзинæдтæ, цæмæй дугъ ацæуа æмбæлгæ фæткыл. Уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, дугъты архайджытæн сæ фылдæр æмхиц сты æнæниз цардыуагмæ. Æмæ сын уыцы æуууæл хорз фæахъаз дугъы æнтыстджынæй архайынæн.

Йæ дæргъ 6 километры бæрц кæмæн уыд, уыцы фæндагыл дугъы архайджытæ æрзылдысты сахаты æрдæгмæ. Кæронбæттæн тæлммæ фыццæгтæ чи æрбацыд, уыдонæй иу уыд æвзонг спортсмен **Георгий Прошин**. «Æхсызгон мын уыд ахæм дзыллон акцийы архайын, мæ хъарутæ бавзарын», – фæстæдæр радзырдта Георгий.

Акцийы фæтк куыд æххæстгонд æрцыд, уымæ сæ цæст дардтой Цæгат Ирыстоны Æвзарæн къамисы минæвæрттæ. «Уæрæсейы Президенты æвзæрстытæм цæттæгæнæн куыстытæ кæронмæ æрхæццæ кæнынц. Ныридæгæн æппæт нысангонд мадзæлттæ дæр сæрмагонд пъланы бындурыл аразæм. Абоны акци дæр баст у уыцы вазыгджын æхсæнадон-политикон цауимæ. Велосипедтыл дугъæй ма не 'мзæххонты зæрдыл иу хатт æрлæууын кодтам, æвзарæн кампанийы архайын нæ иумæйаг хæс кæй у, уый», – ерысгæнджытæн арфæ ракæнгæйæ, бафиппайдта Æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ**.

Зындгонд куыд у, афтæмæй УФ-йы Президенты æвзæрстытæ цæудзысты æртæ боны дæргъы – 15,16 æмæ17 мартъийы.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

## Дзырды фарн

*Уарзондзинад зонды коммæ нал фæкæсы.*

*БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо*

**Боныхъæд**

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **12 мартъийы**, нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **4 – 6 градусы** хъарм, Дзæуджыхъæуы — **4 – 5 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 11,45**

Хурыскаст — 06,18
Хурныгуылд — 18,03

**Валютæйы аргъ**

Доллар — 90,19
Евро — 99,19

12 +

Аппаратон æмбырд

# Ивгъуыд къуырийы бæрæггæнæнтæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй уыд радон аппаратон æмбырд. Архайдтой дзы нæ республикæйы Хицауады уæнгтæ, муниципалон скондты хицæуттæ, министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ.**

Æмбырды райдайæны бæрнон лæгтæ фехъусын кодтой ивгъуыд къуырийы оперативон, эпидемиологон уавæр, ныхас цыдис фидæны нысантыл. Сæ цыбыр докладты радзырдтой, ахсджиагдæр хъуыддæгтæй сæххæст кæнын сæ къухы цы бафтыд, уыцы бæрæггæнæнтæ.

Ивгъуыд къуыримæ æрцыд 24 зынгсирвæзты, хъыгдард дзы ничи байæфта. Дæс адæймаджы фæцæфтæ сты 70 фæндагон фыдбылызы. Ирыстоны арæнтыл къуыримæ æрбахызт 42 мин адæймаджы æмæ 20 мин машинæйы, уадзæн пункт «Ларс»-ы рады лæууы 260 машинæйы.

«Роспотребнадзор»-ы разамонæг **Тыбылты Алан** ныхас кодта республикæйы эпидемиологон уавæры тыххæй æмæ загъта, грипп æмæ иннæ хæцгæ низтæй алы кары рынчынты нымæц, ивгъыд къуыриимæ абаргæйæ, кæй фæкъаддæр. Сывæллæтты республикон рынчындоны нынтæккæ дзæбæх кæнынц 51 сабийы.

Уæрæсейы Президенты æвзæрстытæм цæттæдзинады тыххæй дзырдта РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ**:

– Кусдзæн 331 æвзарæн хайады. 13 мартъийы бюллетентæ фæхæццæ кæндзыстæм фæзуатон хайæдтæм. Æдæппæтæй нæ республикæмæ сæрвыстой 516000 бюллетены. Ростелекомы æххуысæй æртæ боны кусдзæн видеоцæстдард.

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Æгъуызарты Мурат** фехъусын кодта, 2024 азы Ирыстоны туризмы къабазы райрæзтæн кæй радих кæндзысты 300 милуан сомы:

– Аразæм æппæт мадзæлттæ дæр, цæмæй нæм фылдæр туристтæ цæуа. Зæгъæм, ивгъуыд аз милуан бæлццонæй фылдæр бабæрæг кодтой Ирыстон. Бюджетмæ та æфтиæгтæ хæрз чысыл æрбацыд, – загъта Æгъуызары-фырт.

«Пушкины картæ»-йæ чи пайда кæны, уыдоны нымæц фæфылдæр ис. Зæгъæм, афæдзы райда-йæнæй ауæй кодтой 21 милуан сомы аргъ. Аивады куыстуæтты 'хсæн раз-дзогыл банымадтой Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон театр», – фехъусын кодта Хицауады Сæрдары хæдивæг **Платы Альбинæ**.

Патриотон хъомылады центртæ, ног кванториумтæ æмæ рæзты тæлмытæ, стæй уæлæмхасæн ахуырады 20 мин ног бынаты фæзындзæн республикæйы, уый тыххæй уыд йæ ныхас РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйæн**.

Аппаратон æмбырды ныхас кодтой, 2024 азы нæ республикæйы социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм объектты арæзтад æмæ бындурон цалцæджы тыххæй, стæй проекттыл.



Нæ республикæйы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады куысты цы къуылымпыдзинæдтæ уыд æмæ сæ куыд баныхыл кодтой, уый тыххæй дзырдта министр **Таматы Майрæн.**

Æмбырды архайджытæ ныхас кодтой æндæр вазыгджын фарстатыл дæр.

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

ЦИ АССР-йы автономийы 100 азмæ

# Мæздæг – Ирыстоны æнæдихгæнгæ хай

**Уæвгæ, Мæздæг алкæд Ирыстоны скондмæ нæ хауд. Ивгъуыд æнусы 1944 азы, мартъийы мæймæ йæ алфамбылай зæххытимæ уыд Стъараполы крайы бæрны.**

Цæгат Ирыстонмæ йæ ралæвæрдæн уыд историон бындур æмæ социалон-экономикон ахадындзинад: фыццаг ирон скъола байгом Мæздæджы 1764 азы, æнтыстджынæй дзы куыста Ирон дины къамис, 18 æнусы 'мбисмæ уый уыд ирон адæмы культурæйы астæуккаг цæджындз; 1774 азы сахары цыд ныхас Ирыстон Уæрæсеимæ барвæндонæй баиуыл, Уæрæсейы 'рдыгæй дзы уыд астрахайнаг губернатор Кречетников, ирон минæварады та – Есиаты Бахтыгирей æмæ Цæлыккаты æфсымæртæ. Уый уыд Ирыстоны, уыимæ йæ хуссайраг хайы, Уæрæсеимæ баиуы райдайæн.

Мæздæг йæ райдайæнæй хауд Стъараполы губернийы Хъызлары уездмæ, фæлæ горæты рæзтыл уый хорзæрдæм нæ зынд. Иуæрдæм дæр æмæ иннæрдæм дæр се 'хсæн уыд цалдæргай сæдæ километры, уымæ гæсгæ фæзынд ног административон иуæг – Терчы облæст, Дзæуджыхъæу та хæссын райдыдта губернийаг горæты ном. Уымæ гæсгæ, Мæздæджы хицауад райдыдта архайын, горæт Терчы облæстмæ радтыныл. Сæ къухы бафтыд 1866 азы, декабры.

Октябры революцийы фæстæ Цæгат Ирыстоны хицауад курдиат балæвæрдта Цæгаткавказаг крайы æххæстгæнæг комитетмæ, цæмæй районы, кæнæ йæ иу хайы, радтой бар ирыстойнаг зæххусджыты ацы зæххытыл æрцæрын кæныны тыххæй. Советон Цæдисы Сæйраг Советы Президиум рахаста уынаффæ Мæздæг йæ алфамбылай хъæутимæ Цæгат Ирыстоны скондмæ радтыныл. Уынаффæ уыд закъоны бындурыл хаст, уымæ гæсгæ йæ тыхы бацыд йæ бафыст бонæй – 1 мартъийæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст фæзынд Цæгат Кавказы регион административон æгъдауæй дих кæныны хъуыддагыл. 1942 азмæ цыдысты тугкалæн хæстытæ, æрхъулайæ йæ куы суæгъд кодтой, уæд бахъуыд, куыд тагъддæрæй адæмон хæдзарад йæ къахыл слæууын кæнынил бакусын, цæмæй хæсты фæсчъылдымæй фылдæр æххуыс цæуа хæцæг æфсадæн. Паддзахады разамынды бахъуыд дæрзæг мадзæлттæм рахизын. Ивд æрцыдысты Стъараполы край æмæ Цæгат Ирыстоны арæнтæ. Афтæмæй, Ирыстоны зæххытæм бацыдысты Павлодольскæйы, Новоосетинскæйы æмæ Черноярскæйы хъæуты советтæ, фæстæдæр та, 1956 азы Мæздæджы районмæ бафтыдтой Хърупы районы Винограднæйы, Ново-Николаевскæйы, Сухотскæйы, Дæллаг Малгобечы, Раздольнæйы, Хъызлары, Предгорнæйы хъæутæ, стæй Хурыхъæу. Æстай азы размæ цы административон ивддзинæдтæ арæзт æрцыд, уыдон абон дæр сты æнæфехæлгæ.



Тракторист Николай ЗВАДА нартхорæфснайæнты

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**



Ахуырад

## Уæлахиздзаутæн

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйло Скъоладзауты æппæтуæрæсеон олимпиадæйы уæлахиздзаутæ æмæ призертæн зæрдæлхæнæнты бæрц сфидар кодта.**

**Амынд ерысты чи фæуæлахиз уа, уыцы ахуырдзау йæхицæн кад скæндзæн, канд уый нæ, фæлæ ма пайда дæр райсдзæн. Олимпиадæйы кæронбæттæн хайы фæуæлахизуæвæг 9-11-æм кълæсты курдиатджын фæсивæдмæ уыдзæн 150 мин сомы бæрц æхцайæ зæрдæлхæнæн райсыны бар (уыимæ амынд бæрц преми ратдзысты скъоладзауты ахуыргæнджытæ æмæ зондамонджытæн дæр).**

**Нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады минæвары ныхасмæ гæсгæ, олимпиадæйы кæронбæттæн хайы призертæм æмæ сæ ахуыргæнджытæм уыдзæн 100 мин сомы бæрц премi райсыны бар.**

*САУТÆТЫ Тамилæ*

Энергетикæ

## Тематикон уроктæ

**Компани «Россети Цæгат Кавказ»-ы филиал «Цæгкавказэнерго»-йы специалисттæ цæгатирыстойнаг скъолаты электроæдасдзинадæй тематикон уроктæ амоныны куыст дарддæр æххæст кæнынц.**



Комплексон программæйы æххæсткæнынады фæткмæ гæсгæ, энергетиктæ тематикон уроктæ амонынц бæстæйы æппæт регионты. Ивгъуыд мæй специалисттæ Мæздæджы, Горæтгæрон, Æрыдоны, Рахизфарсы, Дыгуры æмæ Кировы районты скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты амыдтой 20 урокæй фылдæр. Ахуырады архайдтой 5-15-аздзыд мин сывæллоны бæрц.

Районты электрохызæджы кусæндæтты специалисттæ фæсивæды базонгæ кодтой электроæдасдзинады сæйраг домæнтимæ, стæй электрон ифтонггæрзтæй нывыл уагæй пайда кæнын куыд æмбæлы, уыимæ. Энергетиктæ сывæллæтты æргом аздæхтой электрон тыхы тæссагдзинад амонæг сæрмагонд нысантæм. Фæсивæд урокты рæстæг зонындзинæдтæ цæмæй хуыздæр рахатой, уый тыххæй сын энергетиктæ радтой электроæдасдзинады сæйраг домæнтимæ аивæй уагъд сыфтæ.

**«15-æм регион»**

Фиддонтæ

## Пособийы бæрц

**Ацы аз 1 февралæй фæстæмæ æгуыстдзинады фæдыл пособийы уæлдæр бæрц схæццæ 13739 соммæ.**



Нæ республикæйы Адæмæн куысты бынæттæдæттæг комитеты минæвары ныхасмæ гæсгæ, амынд пособийы тæккæ къаддæр бæрц у 1611 сомы.

«Æгуыстдзинады фæдыл пособи райсыны бар ис куыстæй фæцухуæвæг, науæд куыст фыццаг хатт агурæг адæймæгтæм. Пособийы бæрц æмæ йæ фидыны æмгъуыд аразгæ сты куыстæй адæймаджы фæцух кæныны æууæлтæй, куысты стажæй, раздæры мызды бæрц æмæ адæймаджы карæй дæр. Адæмæн куыстдæттæг центры номхыгъдтæм кæй бахæссынц, пособи райсыны бар ис æрмæст ахæм адæймæгтæм», – фыст ис амынд ведомствæйы хъусынгæнинаджы.

Æгуыстдзинады фæдыл пособи фидын цы бон райдайой, уыцы бонæй фыццаг æртæ мæйы дæргъы пособийы бæрц уыдзæн 13739 сомы, фæстæдæр æртæ мæйы дæргъы та пособийы бæрц уыдзæн 5370 сомы.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Ныййарджыты раз хæсджын стæм

**Адæймагмæ телевизормæ кæсгæйæ фæзынынц алыхуызон фарстатæ. Æрæджы кастæн канал «ОТР»-мæ, æрыгæттæ сæ ныййарджытимæ хъуамæ цæрой æви сæ сæхи бар ныууадзой – ууыл цыд ныхас. Мæ цæстæй акæсгæйæ иу адæймагæн дæр бар нæй йæ ацæргæ ныййарджыты ныууадзынæн.**

Ам ма паддзахадæй дæр бирæ аразгæ у. Кæд æмæ хистæртæ æнæниз сты, уæд æрыгæтты бон у хицæнæй ацæрын. Цæмæй цард банкъарой. Уæрæсейы бирæ ныййарджыты сæ цот ныууадзынц сæхи бар, уый та худинаг у. Кæстæртæ сæ хистæртæм цавæр цæстæй кæсынц, уый баст у сæ тугимæ, цавæр адæмыхаттæй сты, кæм цæрынц, уыдæттимæ. Кæд æмæ ныййарджытæ сæ хистæртæм уæлæнгай цæстæй кастысты, уæд сæхæдæг дæр уыдæттæ банкъардзысты.

Рæсугъд бинойнаг æрхæссыны бæсты лæппу хъуамæ æвзара зондджын, уæздан чызджы, æрыгонæн йæ бакаст тагъд фæивдзæн, йæ зонд, йе 'гъдау та куыд уыдысты, ахæмæй баззайдзысты. Раздæр Ирыстоны зæрæдты хæдзæрттæ нæ уыд, ныр акæс, уæд дзы хистæртæн бынæттæ дæр нал фаг кæны. Уыцы ран бæрнондзинад хауы ныййарджытæм. Мæ ныййарджытæ хæсты размæ ахуыргонддзинад райстой Мæскуыйы, уым куыстой. Уæдмæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, мæ фыд фæмард тохы быдыры...

Мæ мад йæ куыст ныууагъта æмæ ссыд Беслæнмæ, мæн хъомыл кодтой мæ дада æмæ мæ баба. Медицинон институты фæстæ ацыдтæн Липецкы облæстмæ, дохтыртæ фаг нæ уыд, рынчынтæ та бирæ уыдысты. Ме 'мкусджытæ мын амыдтой, рынчынтæм зæрдæхæларæй кæсын, семæ æмбаргæ æвзагæй дзурын. Хистæртæн кад кæнын куыд хъæуы, уый зыдтон.

Дуканимæ-иу куы бацыдтæн, уæд-иу хистæртæ уайтагъд сдзырдтой, «нæ дохтыр у», зæгъгæ, æнæ радæй мæ цæмæй ауадзой, уый тыххæй. Раст мæ бамбарут, мæхицæй не 'ппæлын, фæлæ мæ куыстæй мæхи базонын кодтон. Районы хицау Добринский мын куыд дзырдта, афтæмæй ме 'ртæ азы куы бакусон, уæд мын машинæ «Волга» ратдзæн, бинонты хъуыддаг бакæнгæйæ та – хæдзар. Фатеры кæмæ цардтæн, уыцы ацæргæ сылгоймаг-иу мын райсомæй аходæн скодта. Ирыстонмæ куы цыдтæн, уæд куыдта, йæ цæстысыг нæ урæдта.

Мæ цард баиу кодтон дзæбæх, æмбаргæ чызгимæ, мæ мад хъæддых уыд, фæлæ мæ бинойнаджы тынг бауарзта. Мæхæдæг дæр иу афон куыст ссардтон, санитарон дохтыры куыст кодтон. Нымад-иу æрцыдтæн санитарон службæйы хуыздæр специалистæй дæр. Сдæн хайады разамонæг, уæлдæр æмвæзады дохтыры ном райстон. Уыдæттæ уый тыххæй фыссын, æмæ адæймаг цардымидæг æвдисы, йæ ныййарджытæ, йæ хистæртæ йæ куыд æмæ цæуыл хъомыл кодтой, цытæ йын амыдтой.

Нæ бинонтыл бафтыд лæппу, мæ мад ыл тынг бацин кодта, хъомыл æй кодта. Рæстæг цыд, мæ мад дæр тынг æррынчын, мæхæдæг æмæ йæм мæ бинойнаг Розæ зылдыстæм, нæ бон цы уыд, уыдæттæ йын кодтам. Мæ бинойнагæй разы дæн, мæ мадмæ мын афтæ хорз кæй зылд, кæй йæ уарзта, уый тыххæй.

Алы адæймаг дæр йæ ныййарджыты раз хæсджын у, хъуамæ сæм кæсой, зилой. Райсом та ралæудзæн иннæ фæлтæры рад, бахъæудзæн сæ сæ кæстæрты узæлд. Уыдæттæ рохгæнæн нæй. Уæ кæстæрты уарзут, ма сæм хыл кæнут æнæхъуаджы, фæлтау сын уайдзæф фæлмæн ныхасæй бакæнут. Рæстæгæн аргъ кæнут, куыд хистæр, афтæ уын уый зæгъын.

**БЕДОЙТЫ Зелимхан,**
**раздæры**
**санитарон дохтыр,**
**ныр – пенсиисæг**

Проект

## «Зæрдæхæлар адæм»: куыст цæуы

**Куыд зонæм, афтæмæй фарон республикæйы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет РЦИ-Аланийы Экономикон рæзты министрадимæ рахæцыдысты социалон ахадындзинадимæ æнæкоммерцион организациты архайды фарс. Организацитæн сæ куыст баст у социалон ахадындзинадимæ лæггæдтæ, æмæ хæрзаудæн æмæ бархион архайдимæ.**

Раздæр, 2016 азы, Уæрæсейы Президент бафыста «Æхсæнадон пайдайаг лæггæдтæ кæныны ахсджиагдæр рахæцæнтæ сфидар кæныны тыххæй» Указ. Уымæ гæсгæ, хъуамæ социалон æгъдауæй æнæкоммерцион организацитæ суой паддзахадон æххуысы хицæуттæ. Нырмæ проект «Зæрдæхæлар адæм»-ы фæлгæты агентад «Иринформ» скодта 23 телевизион программæйы, «Осетия-Ирыстон» та 3 сюжеты бацæттæ кодта.

Сæ нысан уыд хæрзаудæн архайд рапарахат кæнын, сывæллæттæн, инвалидтæн, ацæргæ адæмæн æмæ æххуысхъуаг чи у, уыдонæн социалон æххуыс кæнын. «Иринформ» алы мæй дæр уагъта дыууæ сюжеты, æвдыстой организаци «Зæлты дуне»-йы æмæ проект сфæлдыстадон студи «Хорздзинад ауындзæн»-ы архайд. Сæ нысан у хæрзмæгуыртæн æххуыс кæнын.

Фарон январæй декабрмæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты рацыд æнæкоммерцион организациты архайдимæ баст 1455 æрмæджы. Сæ лæггæдтæ, хæрзаудæн куыст, бархион архайд рæгъмæ хаст æрцыдысты. Сæ фылдæр фæзындысты интернеты сайтты, телеуынынады æмæ газетты.

Информацион æрмæджытæ, сюжеттæ, интервьютæ конд æрцыдысты æнæкоммерцион организациты раззагдæр специалисттимæ, сæ ахсджиагдæр хъæппæристы тыххæй радзырдтой. Цы адæм сæм кусы, уыдоны цы разæнгард кæны, паддзахадон æххуысы мадзæлттæ цавæр сты, æнæкоммерцион организацитæ нырыккон æхсæнады цавæр бынат ахсынц – уыдæттыл рауад бæстон ныхас.

Кæд æмæ социалон здæхт æнæкоммерцион организацийы минæвар дæ, уæд дæ бон у Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитетмæ æрбацæуын, хъæугæ информацион æххуыс райсын. Телефон **(8672)33-33-69(207)**.

**Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты пресс-службæ**

## 12 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ

05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Переведи ее через Майдан" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1

05.00, 09.25 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Анна медиум" 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.10 Т/с "Тайны следствия" 12+
03.50 Т/с "Морозова" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"

**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.25 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.40 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ

04.55 Т/с "Пасечник" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 12+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "10 дней до весны" 16+
22.10, 00.00 Т/с "Пять минут тишины. Симбирские морозы" 12+
01.50 Т/с "Под прикрытием" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ

05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.30, 06.30, 04.00, 04.50 Т/с "Прокурорская проверка" 16+
07.25, 09.30, 09.40 Х/ф "Отставник" 16+
08.20 Страна советов 16+
08.55 Знание-сила 0+
10.35 Х/ф "Отставник-2. Своих не бросаем" 16+
12.25, 13.30 Х/ф "Отставник-3" 16+
14.55, 16.00 Х/ф "Отставник. Позывной Бродяга" 16+
17.30, 18.20, 19.10, 19.45, 20.40, 02.45, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
22.20, 23.10 Т/с "Великолепная пятерка-2" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
00.30 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+
01.20, 02.05 Т/с "Великолепная пятерка-4" 16+

### КУЛЬТУРА

06.30 Пешком... 16+
07.00 Д/ф "Первые в мире". "К.А. Тимирязев. Фотосинтез" 16+
07.15 Х/ф "Лютики-цветочки "Женитьбы Бальзаминова" 16+
08.00 Почерк эпохи 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.50, 22.15 Х/ф "Батальоны просят огня" 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.10 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.25 Д/ф "Рассказы про Петра Капицу" 16+
12.45 Новости. Подробно. Книги 16+
13.00 Д/ф "Запечатленное время". "Дорога на Богучаны" 16+
13.30 Д/ф "Первые в мире". "Электрическая свеча Яблочкова" 16+
13.45, 14.05, 14.25, 00.25, 00.45, 01.05 Т/с "Порус" 16+
14.50 Д/ф "Тайные дворцы Эрмитажа". "Квартира" 16+
15.35 Х/ф "Девчата". Фигуры может и нет, а характер-налицо!" 16+
16.15 Сати. Нескучная классика... 16+
17.15 Эрмитаж 16+
17.40 Исторические концерты. Дирижеры. Юрий Темирканов и Заслуженный коллектив России Академический симфонический оркестр Санкт-Петербургской филармонии 16+
18.15 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.45 Искусственный отбор 16+
21.30 Белая студия 16+
23.30 Д/ф "Тайные дворцы Эрмитажа". "Дом" 16+

### МАТЧ-ТВ

06.00, 14.55 Кто кого? 12+
06.30 Наши иностранцы 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.50, 16.50 Новости
07.05, 16.55, 22.15, 01.00 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.25 ЕвроФутбол. Обзор 6+
11.35 Профессиональный бокс. Феликс Тринидад против Уильяма Джоппи. Трансляция из США 16+
13.00 Есть тема! 12+
14.20 География спорта. Малиновка 12+
15.25 Д/ф "Криштиану Роналду. Единственный и неповторимый" 12+
17.45 Футбол. FONBET Кубок России. 1/4 финала. "Химки"-"Краснодар". Прямая трансляция
20.00 Футбол. FONBET Кубок России. 1/4 финала. ЦСКА-"Ростов" (Ростов-на-Дону). Прямая трансляция
22.40 Футбол. Лига чемпионов. 1/8 финала. "Барселона" (Испания)-"Наполи" (Италия). Прямая трансляция
01.55 Футбол. Лига чемпионов. 1/8 финала. "Арсенал" (Англия)-"Порту" (Португалия) 6+
03.55 Новости 0+

### ТВЦ

06.00, 07.50 Настроение 12+
07.40, 17.41 Выборы-2024 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Т/с "Анна-детективъ-2" 16+
10.40, 04.40 Д/ф "Актерские драмы. Голос за кадром" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50, 02.45 Т/с "Анатомия убийства" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.45 Город новостей 16+
15.00 Х/ф "Котейка" 12+
16.55 Д/ф "Жены против любовниц" 16+
18.10 Х/ф "Таежный детектив. Охота на мамонта" 12+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф "Смерть всесоюзной славы" 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф "Капкан" 16+
01.25 Прощание 16+
02.05 Д/ф "Клаус Барби. Слуга всех господ" 12+
04.15 Тайна песни 16+

### ДОМАШНИЙ

06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.15 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.35 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.15 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.45, 00.25 Д/с "Порча" 16+
12.55, 01.20 Д/с "Знахарка" 16+
13.30, 01.45 Д/с "Верну любимого" 16+
14.05, 02.10 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.40 Д/с "Кризисный центр" 16+
19.00 Т/с "Инъекция любви" 16+
05.05 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ

05.00, 18.00, 02.15 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.00 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Земное ядро: Бросок в преисподнюю" 12+
22.35 Смотреть всем! 16+
23.30 Знаете ли вы, что? 16+
00.30 Х/ф "Добро пожаловать в капкан" 18+

### СТС

06.00, 05.10 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Маша и медведь" 0+
08.00, 19.30, 20.00, 20.30, 17.55 Т/с "Инспектор Гаврилов" 16+
09.35 М/ф "Небесный замок Лапута" 16+
12.10 Х/ф "Новый человек-паук" 12+
15.00 Х/ф "Новый человек-паук. Высокое напряжение" 16+
21.00, 22.00 Т/с "Короче, план такой" 16+
23.00 Х/ф "Кин" 16+
01.00 Х/ф "Дедушка легкого поведения" 18+
02.45 Т/с "Мамочки" 16+

### ТНТ

07.00, 07.20, 08.10 Однажды в России. Спецдайджесты-2023 16+
09.00 Новая фабрика звезд. Дневники 16+
09.30 Битва пикников. Праздники 16+
10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30 Т/с "СашаТаня" 16+
15.00 Это нормально? 16+
16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00 Т/с "Девушки с Макаровым" 16+
19.30, 20.00, 20.30, 21.00, 21.30 Т/с "Камера! Мотор!" 16+
22.00 Женский стендап 16+
23.00 Х/ф "Бабушка легкого поведения" 16+
00.40 Х/ф "День радио" 16+
02.30 Я тебе не верю 16+
03.15, 04.05 Импровизация. Команды 16+
04.55, 05.40 Студия "Союз" 16+
06.30 Импровизация 16+

## 13 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ

05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Д/с Проект "Цивилизации". "Китай" 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Переведи ее через Майдан" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00 Шоу Вована и Лексуса 16+
00.40, 01.25, 02.10, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1

05.00, 09.25 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Анна медиум" 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.10 Т/с "Тайны следствия" 12+

### ГТРК "АЛАНИЯ"

**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.25 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.40 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ

04.55 Т/с "Пасечник" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 12+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "10 дней до весны" 16+
22.10, 00.00 Т/с "Пять минут тишины. Симбирские морозы" 12+
01.45 Т/с "Под прикрытием" 16+
03.20 Т/с "Дознаватель" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ

05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.15, 07.10, 03.55 Т/с "Прокурорская проверка" 16+
08.20 НоваЯ 12+
08.55 Знание-сила 0+
09.30, 10.30, 11.25, 12.25, 13.30, 14.00, 15.00, 16.00 Т/с "Учитель в законе. Продолжение" 16+
17.30, 18.20, 19.10, 19.45, 20.40, 02.40, 03.15 Т/с "След" 16+
21.25 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
22.20, 23.10 Т/с "Великолепная пятерка-2" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
00.30 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+
01.15, 02.00 Т/с "Великолепная пятерка-4" 16+

### КУЛЬТУРА

06.30 Пешком... 16+
07.00 Д/ф "Первые в мире". "Электрическая свеча Яблочкова" 16+
07.15 Х/ф "Девчата". Фигуры может и нет, а характер-налицо!" 16+
08.00 Почерк эпохи 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.45, 22.15 Х/ф "Батальоны просят огня" 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.10 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15 Д/ф "... с участием Клары Румяновой" 16+
11.50 Д/ф "Сюжеты зимней Тарусы" 16+
12.45 Новости. Подробно. Кино 16+
13.00 Д/ф "Запечатленное время". "С вулканами "на ты" 16+
13.30 Д/ф "Первые в мире". "Глубоководный аппарат Михальцева "Мир" 16+
13.45, 14.05, 14.25, 00.25, 00.45, 01.05 Т/с "Порус" 16+
14.45 Д/ф "Тайные дворцы Эрмитажа". "Дом" 16+
15.30 Х/ф "Человек с бульвара Капуцинов". Билли, заряжай!" 16+
16.10 Белая студия 16+
17.15 Библейский сюжет 16+
17.50, 01.55 Исторические концерты. Дирижеры. Геннадий Рождественский и Государственный симфонический оркестр Министерства культуры СССР 16+
19.00 Д/ф "Профессия-Кио" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.45 Абсолютный слух 16+
21.30 Власть факта. "Создание и расцвет Португальской империи" 16+
23.30 Д/ф "Тайные дворцы Эрмитажа". "Телеграф" 16+
01.20 Д/ф "...с участием Клары Румяновой" 16+

### МАТЧ-ТВ

06.00 Кто кого? 12+
06.30 География спорта. Малиновка 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.50 Новости
07.05, 14.55, 17.30, 22.15, 01.00 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.25 Футбол. Лига чемпионов. Обзор 6+
11.35 Профессиональный бокс. Марко Антонио Баррера против Мэнни Пакьяо. Трансляция из США 16+
13.00 Есть тема! 12+
14.20 Вид сверху 12+
15.25 Футбол. FONBET Кубок России. 1/4 финала. "Волгарь" (Астрахань)-"Ахмат" (Грозный). Прямая трансляция
17.55 Футбол. FONBET Кубок России. 1/4 финала. "Родина" (Москва)-"Урал" (Екатеринбург). Прямая трансляция
20.00 Футбол. FONBET Кубок России. 1/4 финала. "Зенит" (Санкт-Петербург)-"Динамо" (Москва). Прямая трансляция
22.40 Футбол. Лига чемпионов. 1/8 финала. "Атлетико" (Испания)-"Интер" (Италия). Прямая трансляция
01.55 Футбол. Лига чемпионов. 1/8 финала. "Боруссия" (Дортмунд, Германия)-ПСВ (Нидерланды) 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Тайский бокс. Чемпионат России. Трансляция из Нижнего Новгорода 16+

### ТВЦ

06.00, 07.50 Настроение 12+
07.40, 17.41 Выборы-2024 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.50 Т/с "Анна-детективъ-2" 16+
10.40, 04.45 Д/ф "Золушки советского кино" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50, 02.50 Х/ф "Уравнение с неизвестными. Химия убийства" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.45 Город новостей 16+
15.00 Х/ф "Котейка" 12+
16.55 Д/ф "Фиктивные браки звезд" 16+
18.10 Х/ф "Таежный детектив. Живая вода" 12+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Д/ф "90-е. "Крыша" для артиста" 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф "Сергей Челобанов. Судьба фаворита" 16+
01.25 Знак качества 16+
02.05 Д/ф "Минск-43. Ночная ликвидация" 16+
04.20 Москва резиновая 16+

### ДОМАШНИЙ

06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.15 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.35 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.15 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.45, 00.25 Д/с "Порча" 16+
12.55, 01.20 Д/с "Знахарка" 16+
13.30, 01.45 Д/с "Верну любимого" 16+
14.05, 02.10 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.40 Д/с "Кризисный центр" 16+
19.00 Х/ф "Начать сначала" 16+
05.05 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ

05.00, 18.00, 02.35 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00, 15.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00, 23.30 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
17.00, 03.20 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Поцелуй дракона" 16+
21.55 Смотреть всем! 16+
00.30 Х/ф "Оккупация" 18+

### СТС

06.00, 05.10 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Маша и медведь" 0+
08.00, 18.00, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с "Инспектор Гаврилов" 16+
09.35 Х/ф "Мамы" 16+
11.55 М/ф "Трон эльфов" 6+
13.55 Х/ф "Безумное королевство" 16+
16.00 Х/ф "Мой любимый динозавр" 6+
21.00, 22.00 Т/с "Короче, план такой" 16+
23.00 Х/ф "Ангелы и демоны" 16+
01.50 Х/ф "Несносные леди" 16+
03.35 Т/с "Мамочки" 16+

### ТНТ

07.00, 08.00 Однажды в России. Спецдайджесты-2023 16+
09.00 Новая фабрика звезд. Дневники 16+
09.30 Хочу перемен 16+
10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30 Т/с "СашаТаня" 16+
15.00 Это нормально? 16+
16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00 Т/с "Девушки с Макаровым" 16+
19.30, 20.00, 20.30, 21.00, 21.30 Т/с "Камера! Мотор!" 16+
22.00 Женский стендап 16+
23.00 Х/ф "Бабушка легкого поведения-2" 16+
00.40 Х/ф "Дом летающих кинжалов" 16+
02.45 Я тебе не верю 16+
03.30, 04.15 Импровизация. Команды 16+
05.05, 05.55 Студия "Союз" 16+
06.40 Импровизация 16+

## 14 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ

05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Д/с Проект "Цивилизации". "Россия" 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Переведи ее через Майдан" 16+
23.00 Большая игра 16+

### РОССИЯ 1

05.00, 09.25 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Анна медиум" 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.10 Т/с "Тайны следствия" 12+

### ГТРК "АЛАНИЯ"

**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07 7; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.25 -Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.40 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ

04.55 Т/с "Пасечник" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 12+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "10 дней до весны" 16+
22.10, 00.00 Т/с "Пять минут тишины. Симбирские морозы" 12+
00.50 Поздняков 16+
01.00 Мы и наука. Наука и мы 12+
02.00 Т/с "Под прикрытием" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ

05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.20, 07.25, 03.55, 04.45 Т/с "Прокурорская проверка" 16+
08.35 День ангела 0+
09.30, 10.25, 11.25, 12.25, 13.30, 14.00, 15.00, 16.00 Т/с "Учитель в законе. Продолжение" 16+
17.30, 18.20, 19.10, 19.50, 20.40, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
22.20, 23.10 Т/с "Великолепная пятерка-2" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
00.30 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+

### КУЛЬТУРА

06.30 Пешком... 16+
07.00 Д/ф "Первые в мире". "Глубоководный аппарат Михальцева "Мир" 16+
07.15 Х/ф "Человек с бульвара Капуцинов". Билли, заряжай!" 16+
08.00 Почерк эпохи 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.50, 22.15 Х/ф "Батальоны просят огня" 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.10 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.30 XX Век. "Музыка наших современников. Родион Щедрин" 16+
12.45 Новости. Подробно. Театр 16+
